



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DETAY SOU PWOGAM TAX-FREE NY POU GWROUP BIZNIS AK CHANM KOMÈS LOKAL YO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante detay pwogram Tax-Free NY pou gwoup biznis ak reprezantan chanm komès ki toupatou nan eta a. Kominote biznis lan pral ede kanpis SUNY ak kominote inivèsite ki toupatou nan eta a atire nouvo biznis yo, demaraj yo, ak antreprenè yo pran avantaj pwogram Tax-Free NY.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk dirijan biznis yo, ofisyèl ki pase nan eleksyon yo ak prezidan kolèj ki nan tout kwen eta a ki vle pran avantaj posiblite ekonomik kominote Tax-Free NY, li enpòtan pou asire nou pare pou lanse pwogram nan pou moman Lejislati a ap vote li. Kowalisyon chanm komès ak gwoup biznis nou te rasanble jodi a pral ede kominote inivèsite nou yo vanse, pou atire nouvo biznis ak antreprenè nan Pati Nò New York.”

Anpil douzèn reprezantan chanm komès ak gwoup biznis eta a te fè yon sèl avèk Gouvènè a jodi a nan Albany pou diskite sou egzekisyon pwogram Tax-Free NY, si Lejislati a ta vote pou pibliye lwa a. Chanm komès yo ak gwoup biznis yo ap travay anpil ansanm avèk dirijan kanpis SUNY yo pou kowòdone kanpay rekritman biznis yo epi pou asire antreprenè ki sòti toupatou nan peyi a jwenn enfòmasyon yo bezwen lè y ap chèche kominote Tax-Free NY pou investi.

Men kèk nan detay Gouvènè a bay jodi a:

Kanpis Prive yo: Yon total 3 milyon pye kare espas komèsyal san taks nan kanpis prive yo pral disponib anba pwogram Tax-Free NY. Tout kolèj endepandan yo kalifye, men pwopriyete a dwe nan nò Westchester. Kanpis yo ap aplike nan yon pwosesis konpetitif pou deziyen espas komèsyal sou pwopriyete yo kòm espas san taks. Se yon majorite konsèy 3 manm Gouvènè a, Sena a ak Asanble a chwazi k ap fè seleksyon yo. Y ap bay preferans pou kanpis prive ki gen enkibatè biznis ki la deja.

Demaraj yo Te Lanse nan Enkibatè ki la Deja yo: Demaraj “ki hachire” nan yon enkibatè Eta New York ap kalifye pou vanse nan yon kominote san taks, menmsi yo pa yon nouvo biznis. Pou kounye a, apeprè 75% demaraj teknik avanse yo lanse nan Eta New York kite nan premye ane a.

Pwopriyete Eta a ki nan yon pozisyon estratejik: Tax-Free NY ap deziyen 20 pwopriyete eta a ki nan pozisyon estratejik kòm kominote san taks. Yon majorite konsèy 3 manm ap chwazi pwopriyete yo.

Pwoteksyon Kont Fwod: Tax-Free NY ap gen ladan yon seri dispozisyon pou pwoteje kont fwod. Biznis yo ap gen pou soumèt sètifikasyon ba ESD, epi sètifikasyon ki falsifye yo ap reprezante yon krim. Pwogram nan ap gen ladan dispozisyon sevè pou pwoteje kont “chanjman chemiz,” oswa lè yon konpayi vin yon sosyete ankò avèk yon nouvo non ak lè li reklame anplwaye li yo se nouvo djòb nan moman an. Pwogram nan ap gen ladan tou mezi pou evite tranzaksyon enterese ak konfli enterè. Nan ka lè gen fwod, eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo.

Kanpis SUNY ak Zòn ki Antoure li: Kominote san taks yo al gen ladan kanpis SUNY yo ak yon lòt 200.000 pye kare siplemantè ki kapab sou yon distans yon mil avèk kanpis la. ESD ta gen otorite pou bay yon egzansyon pou depase 1 mil. Pou pwojè sou kanpis edikasyon piblik yo, SUNY ak ESD ap revize plan yo. Plan ki pa satisfè egzijans pwogram Tax-Free NY p ap jwenn apwobasyon ESD.

Anba la a se yon lis dirijan nan kominote biznis ki bay sipò pou Tax-Free NY:

Jamie Dimon, Direktè Jeneral, JPMorgan, di konsa, “Tax-Free NY se kalite refleksyon vizyonè nou bezwen nan dirijan nou yo. Pati nò Eta New York gen gwo pwen fò – tankou inivèsite ak antreprenè – nou bezwen pou kontinye sipòte. Sa a se yon fason dinamik pou fè sa, epi pou pozisyon pati Nò a pou djòb ak kwasans nan endistri ki nouvo ak enteresan.”

Kenneth Langone, Ko-Fondatè, Home Depot, di konsa, “Mwen de di sa souvan: Eta yo bezwen kòmanse ede biznis yo lè yo retire fado taks la ak lè yo kreye you yon anviwònman kote anplwaye yo vle edike fanmi yo. Gouvènè Cuomo reponn demann sa a avèk pwojè Kominote san Taks li a.”

Jeff Immelt, Prezidan ak Direktè Jeneral, GE, di konsa, “Antan yon konpayi ki gen 9.000 anplwaye nan Eta New York, mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pran inisyativ sa a pou ede sipòte ekonomi eta a. Kolaborasyon sa a pami sistèm inivèsite eta a, dirijan biznis yo ak antreprenè yo se yon apwòch dinamik pou kreye djòb toupatou nan eta a.”

John E Kelly III, Vis-Prezidan Direktè ak Direktè IBM Research, IBM, di konsa, “Tax-Free NY se yon sipò ak yon pwopozisyon tounèf pou atire investisman ak nouvo biznis pou kominote inivèsite New York. Pwogram sa a pral amelyore New York kòm premye eta nan ankouraje nano-teknoloji nan SUNY ak nan lòt kanpis prive toupatou nan Eta New York.”

Heather Briccetti, Prezidan ak Direktè Jeneral, The Business Council of New York State Inc., di konsa, “Nou apresye pwopozisyon sa a ki deziyen pou sipòte ekonomi pati nò a, epi nou espere wè detay yo. Sa ta bay prim ankourajman enpòtan nan taks pou biznis konpayi teknik k ap parèt yo, pou nouvo investisman konpayi ki ka deja nan New York, epi pou kolaborasyon lòt biznis avèk SUNY nan inivèsite prive nou yo. Se yon apwòch enpòtan, epi li montre kijan nou kapab ak ta dwe fè plis bagay pou fè klima ekonomi jeneral eta a vin pi konpetitif.”

Haitian Creole

Brian Sampson, Direktè Egzekitif, Unshackle Upstate, di konsa, “Plan Tax-Free NY Gouvènè Cuomo pral atire nouvo biznis ak djòb ki trè nesèsè nan rejyon pati nò Eta a, epitou l ap ede mete yon pwèn final nan fuit sèvo ki gaye nan kominote nou yo pandan plizyè ane. Lè nou kreye yon zòn san taks pou biznis ki deside vini nan oswa toupre kanpis SUNY ak kolèj kominote yo, patenarya piblik-prive tounèf sa a pral amelyore klima taks biznis Eta New York. Patenarya ant College of Nanoscale Science and Engineering SUNY Albany ak konpayi prive yo sipòte kwasans djòb nan Capital Region. Nou gen lespwa plan Gouvènè Cuomo pral bay rezilta sanblab nan lòt kominote pati nò Eta a. Anons jodi a se yon lòt etap nan bon direksyon pou ekonomi pati Nò Eta a. Men, dirijan eta a dwe pran mezi siplemantè nan sekou nan taks ak refòm kontwòl pou tout biznis ki nan eta a. Atire nouvo anplwaye ak djòb se yon objektif enpòtan, men nou dwe bay soulaje biznis ak djòb ki te isit la pandan plizyè jenerasyon.”

Brian McMahon, Direktè Egzekitif, Konsèy Devlopman Ekonomik Eta New York, di konsa, “Anons Gouvènè Cuomo fè jodi a pou kreye “Tax-Free NY” se yon bon nouvèl pou devlopman ekonomik. Pwogram sa a ap ankouraje patenarya ant inivèsite ak sosyete R&D k ap alatèt nouvo sant manifakti avanse nan kanpis inivèsite yo. Sa yo se djòb ki gen valè teknik chak rejyon eta a vle pou atire nan kominote yo. Lè nou jwenn youn nan pi gwo resous ekonomik New York—kolèj ak inivèsite li yo—Tax-Free NY ap fasilite devlopman ekonomik anba teknoloji epi l ap bay New York yon avantaj konpetitif nan atire envestisman R&D ak djòb nan manifakti avanse. Konsèy Devlopman Ekonomik Eta New York bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak ekip devlopman ekonomik li poutèt li pwopoze pwogram enteresan ak tounèf sa a.”

David Hochman, Direktè Egzekitif, Business Incubator Association of New York State, Inc., di konsa, “Zòn san taks Gouvènè Cuomo pwopoze a ta abòde yon antrepriz diferan etap nan vrè premye demaraj yo ki domine nan pifò enkibatè biznis, epi li ta dwe bay kontinwite enpòtan pou moun ki pare pou “gradye” nan yon enkibatè demaraj epi ki vle rete toupre men nan espas ki pi gwo ak pi pèmanan. Mouvman sa a rive vit pou kèk konpayi nan kèk sektè, pi dousman pou lòt yo, epi pafwa pa ditou pou sa ki echwe sou wout la, men kòm yon eta nou bezwen bay chwa pou tout sa ki pa prevwa. Zòn yo ta bay Eta New York tou yon zouti trè atiran pou atraksyon pèsònèl konpayi ki la deja k ap chèche patenarya inivèsite/endistri oswa senpleman ki vle nan yon anviwònman inivèsite akòz aksè li ka jwenn pou etidyan ki fòme, pou gwoup konsiltan yo, oswa nan ekipman espesyalize. Dènye kalite devlopman ekonomik lan diferan avèk enkibasyon demaraj la, men tou li trè enpòtan, epi li asosye avèk li depre. Si yo adopte apeprè jan yo pwopoze li a, zòn yo kapab vin yon zouti pisan pou ede inivèsite piblik ak inivèsite prive eta a devlope yon rezo pak rechèch trè atraktif ki asosye avèk inivèsite (pafwa ki rele pak syans). Pou kounye a, sèl pa rechèch inivèsite yo pare nèt nan eta a se RPI Tech Park (youn nan manm nou yo) ak Buffalo Niagara Medical Campus parèt kòm yon dezyèm. Avèk sètitud, gen espas pou plizyè lòt devlopman konsa nan kanpis SUNY ak nan kanpis endepandan ki nan lòt rejyon yo, epi zòn pwopoze yo kapab fasilite devlopman k ap vanse dousman pou kounye a. Anjeneral, enkibatè yo travay anpil avèk pak rechèch oswa pak syans ki asosye avèk inivèsite, poutèt sa a, rezilta a ta pozitif pou anpil konpayi nan plizyè etap devlopman diferan.”

Garry Douglas, Prezidan, Chanm Komès North Country ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country, di konsa, “Sa a se yon lòt repons pozitif Gouvènè Cuomo pou preparasyon

North Country ak lòt rejyon yo pou ede devlope patenarya devlopman ekonomik ki pi fò avèk kolèj ak inivèsite nou yo. Patenarya sa a k ap travay la deja fò nan zòn nou an k ap pozisyon nou byen pou mete bagay yo nan pwochen nivo sa a pou devlopman biznis dirèk ak atraksyon. Diskisyon dinamik deja ap fèt avèk Clarkson University, epi kounye a, nou kapab prevwa yon vrè egzaminasyon sou fason, pa egzanp, nou kapab sipòte Business School nèt nan SUNY Plattsburgh ak pwogram fòmasyon espesyalize nan Clinton Community College, epi n ap gade nan fason North Country Community College kapab konekte avèk opòtinite nan Saranac Lake, Malone ak Ticonderoga. Nou di Gouvènè a mèsì pou nouvo bwat zouti enteresan sa a, epi nou konnen North Country pare anpil pou itilize li byen.”

Rob Simpson, Prezidan CenterState, Direktè ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Central New York, di konsa, “Pwogram Tax-Free NY Gouvènè ap fè kanpis New York yo vin motè ekonomik ak sipò pou aktivite demaraj yo – yon estrateji ekonomik ki enpòtan. Zòn san taks yo ofri yon bon avantaj pou demare biznis k ap sòti nan lekòl sa yo.”

Tom Tranter, Prezidan Corning Enterprises ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier, di konsa, “Pandan twò lontan, New York se te kapital fiskal efikas nasyon an, men gras ak vizyon ak kalite dirijan Gouvènè Cuomo, imaj New York ap chanje. Kominote Tax-Free NY Gouvènè a ap pèmèt biznis yo fè pwogrè ansanm avèk rezo inivèsite renome nou yo nan yon fason ki bay avantaj pou sektè piblik la ak sektè prive a epi k ap devlope ekonomi nou an. Aliyman antreprenè ak edikatè nou yo ansanm nan kominote san taks yo se yon lòt fason Gouvènè a ap fè biznis New York vin pi bon.”

Danny Wegman, Prezidan Wegmans Food Markets ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes, di konsa, “Li senpleman fè sans pou New York ankouraje nouvo biznis yo, sitou avèk plis konpetisyon nan lòt eta yo. Tax-Free NY yon bon jan lide pou itilize sant yo nan New York ki ka pa itilize ase epi ki mete yo pou travay pou kreye anpil djòb. Sa a se yon bon panse epi mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li reflechi yon lòt fason.”

Howard Zemsky, Patnè Jesyon nan Larkin Development Group ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York, di konsa, “Pwopozisyon Tax-Free NY Gouvènè Cuomo se yon lide tounèf k ap pèmèt Western New York vanse avèk konfyans pou pidevan. Plan sa a ap eksplwate opòtinite ekonomik SUNY Schools kreye nan rejyon nou an, epi li kreye bon djòb k ap dire anpil tan nan zòn nan. Mwen kwè Tax-Free NY pral ede kreye yon klima biznis k ap pwospere nan Western New York, epi mwen gen rekonesans pou enterè dirab Gouvènè a nan devlopman ekonomi pati nò eta a.”

Kevin Law, Prezidan ak Direktè Jeneral, Long Island Association, ak Ko-Prezidan, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island, di konsa, “Tax-Free NY se yon pwopozisyon tounèf pou atire ak devlope nouvo biznis ak kreye anpil djòb nan tèt ansanm avèk bon jan enstitisyon akademik long Island, epi poutèt sa, LIA espere travay avèk Gouvènè Cuomo sou pwojè-lwa a epi li ankouraje li pou mete inivèsite prive Long Island lan ladan tou.”

Peter Aust, Prezidan ak Direktè Jeneral, Chanm Komès Rejyonal Adirondack, di konsa, “Nou tout konnen defi ekonomik kominote pati nò Eta New York genyen. Bès k ap kontinye nan travay manifakti tradisyonèl egzijje eta nou an ak kominote lokal yo pou yo reflechi pi plis, pou travay pi di epi pou yo pi bon pase konpetisyon nou pou atire ak ogmante djòb yo. Dènye devlopman nan sektè teknoloji a te sipòte kwasans djòb nan anpil kominote pati nò eta akòz an pati rechèch dènye modèl ak devlopman k ap fèt nan sistèm edikasyon avanse yo. Pwopozisyon Tax-Free NY Gouvènè Cuomo anonse jodi a bay kè estrateji tounèf enpòtan pou ede nan kreyasyon nouvo djòb yo toupatou nan eta New York. Lè nou ofri prim ankourajman bon jan taks pou biznis k ap vin nan yon kolèj oswa inivèsite SUNY, Gouvènè Cuomo swete lanse nouvo devlopman ak kwasans ekonomik. Se rezon sa a ki fè Chanm Komès Rejyonal Adirondack bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou rekonesans li pou sitiyoasyon dezespere ekonomi pati nò Eta New York epi li eksprime premye sipò nou pou dènye pwopozisyon sa a. Tankou nan nenpòt pwopozisyon pou prim ankourajman jeneral, ‘satan nan detay yo’ epi poutèt sa a nou espere detay espesyal ki sèten k ap vini. Nou optimis avèk prekosyon lè detay sa yo vini, prim ankourajman taks ki pwopoze a ap kreye nouvo djòb toutbon san efè negatif sou anpil milye biznis ki la kounye a ki te kontinye konsève nan anviwònman biznis difisil sa a nan New York. Nou swete avèk angajman Gouvènè Cuomo ak lejislati a, pati nò New York pral kòmanse jwen rekonesans kòm rejyon prensipal nasyon an pou inovasyon, kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik.”

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktè Jeneral, Partnership for NYC, di konsa, “Pwopozisyon Tax-Free NY Gouvènè Cuomo pral ankouraje aktivite ekonomik nan zòn ki nan detrès yo, epi l ap ede asire New York rete nan devan ekonomi inovasyon global la. Etidyan ki nan sistèm inivèsite piblik la pral vin gen ekspozisyon premye kalite nan djòb lespri antrepriz nan sektè teknik ak kreyatif la, ki se pi bon fason pou elimine diferans nan ladrès epi pou konekte salklas la pi dirèkteman avèk mache travay 21yèm Syèk la.

Laurence Gottlieb, Prezidan ak Direktè Jeneral, Hudson Valley Economic Development Corporation, di konsa, “Mwen bat bravo pou pwopozisyon Gouvènè Cuomo pou transfòme enstitisyon aprantisaj avanse yo an atraksyon pou nouvo biznis yo lè li kreye zòn san taks k ap lage tout fòs lespri antrepriz sou ekonomi New York. HVEDC rete yon sipòtè ki fò pou mele kapital entèlekyèl akademi avèk sans biznis mache lib nan itilizasyon prim ankourajman ki entèlijan ak sible. Mwen espere travay anpil avèk Gouvènè Cuomo, ekip devlopman ekonomik li, ak Konsèy Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson sou fason pou sipòte yon pwogram fò anfavè biznis yo pou avantaj tout sitwayen Hudson Valley, si se pa sa, tout Nouyòkè yo.”

Richard M. Bivone, Prezidan Nassau, ak Robert Fonti Prezidan Suffolk, Long Island Business Council, di konsa, “Nou bat bravo pou Gouvènè a poutèt li kontinye montre kalite dirijan li nan domèn devlopman ekonomik. Pwogram Tax-Free NY li a pral atire nouvo antrepriz nan rejyon an epi li pral ede ankouraje biznis yo nan Long Island. Alontèm, sa a se yon viktwa pou kontribiyab Konte Nassau ak Konte Suffolk.”

Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Jeneral, Chanm Komès Brooklyn, di konsa, “Chanm Komès Brooklyn sipòte plan Tax-Free Gouvènè Andrew Cuomo paske li pèmèt kanpis SUNY yo ak kominote inivèsite ki nan Eta a atire demaraj yo pandan l ap ede biznis ki la deja yo devlope. Pandan ekonomi an ap kontinye ranfòse, pwogram sa yo ap pote chomaj la nan nivo ki menm pi ba epi y ap ede sipòte lespri

antrepriz la ki nan anpil nan nou. Yon eleman enpòtan plan sa a se itilizasyon kanpis SUNY yo. Li enpòtan pou kreye relasyon ant inivèsite yo ak kominote biznis lan, pou ede asire pwochen jenerasyon New York yo kapab travay ak pwospere isit la nan Eta New York. Sa ki bon pou Eta New York bon pou Brooklyn!”

Andrew Rudnick, Prezidan ak Direktè Jeneral, Buffalo Niagara Partnership, di konsa, “Anons Gouvènè Cuomo konsènan ‘Tax-Free NY’ se yon pwopozisyon enteresan ki kapab ede sipòte devlopman ekonomik nan kanpis SUNY yo ki se youn nan motè ekonomik ki pi enpòtan pou pati nò eta a, epi nan inovasyon, li kapab enpòtan pou kreyasyon djòb alontèm. Nan mitan pwomès pwopozisyon Gouvènè a, devlopman ekonomik ki jwenn sipò epi ki jeneral nan New York – sitou nan pati nò a - pral kontinye limite san abòde vrè refòm kontwòl biznis yo ak sekou obligatwa a.”

Alison Grems, Prezidan, Chanm Canandaigua, di konsa, “Chanm Canandaigua bat bravo pou pwopozisyon inovatè Gouvènè Cuomo pou devlope biznis ak sipòte ekonomi pati nò a. Nou espere revize tout detay plan an epitou n ap egzamine fason zòn nou an ta ka jwenn nouvo prim ankourajman sa a pou ankouraje kwasans ekonomik nan rejyon nou an.”

Kevin Keeley, Prezidan ak Direktè Jeneral, Chank Komès Chemung, di konsa, “Anyen pa prevwa nouvo antreprenè tankou manto ensètitud. Ensètitud mache, pwodiksyon, konpetisyon, anbochaj, epi sètènman, gouvènman. Non sèlman Tax-Free NY bay yon deseni ensètitud konsènan sipò gouvènman, men pwogram dinamik bese depans demaraj pou fè biznis lan. Sa dinamik toutbon. Antreprenè patenarya avèk kolèj eta a te konteste nan Chanm nan tou. Anyen pa sipòte relasyon fò, alontèm vil ak edikasyon tankou pataj yon kanpis ak pataj yon rèv. Sètènman, Gouvènè Cuomo konprann vrè reyalite lè gouvènman an, edikasyon ak biznis kolabore, tout moun genyen.”

Steve Craig, Prezidan ak Direktè Jeneral, Commerce Chenango, di konsa, “Prim ankourajman nan taks te lontan yon sipò nan bwat zouti devlopman ekonomik. Tax-Free New York ofri avantaj sa yo nan yon fason ki kapab yon chanjè jwèt la. Avèk yon gwo òf espas bon kalite biwo ki toupre Norwich Campus Morrisville State College, sa a se yon gwo prim ankourajman pou demaraj pou kontinye rich tradisyon lespri antrepriz ak inovasyon Konte Chenango.”

Mary Beth Silano, Direktè Egzekitif, Chanm Komès Konte Delaware, di konsa, “Anons sa a se yon jounen enteresan pou ti biznis yo nan Konte Delaware. Nou tout nan pozisyon pou pran tout avantaj pwogram sa a avèk Delaware County eCenter, yon enkibatè biznis ki la deja, ki toupre SUNY Delhi. Pwogram sa a kapab itilize kòm yon prim ankourajman pou atire demaraj ti biznis nan kominote Delhi, k ap gen yon efè enpòtan pou Konte Delaware kòm yon ansanm.”

Julie Marchesella, Prezidan, Chanm Komès Konte Nassau, di konsa, “Pwogram Tax-Free NY Gouvènè Cuomo pral mete kreyasyon ekonomik ak kreyasyon djòb nan eta a nan nouvo wotè. Koneksyon kòrèk rezo edikasyon avanse eta a avèk nouvo biznis ak lespri antrepriz ap ede asire nouvo konpayi yo non sèlman prepare magazen nan New York, men tou y ap rete nan New York. Mwen bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo ak angajman li pou bati yon New York tounèf k ap travay pou biznis yo.”

Deanna Alterio, Prezidan, Chanm Niagara USA, di konsa, “Gouvènè Cuomo fè yon kokennchenn efò depi lè li te pran fonksyon pou lanse ekonomi yo nan tout rejyon yo nan Eta New York. Dènye pwopozisyon li, Tax-Free NY yon fwa ankò montre angajman li pou fè New York pi fyab ak konpetitif sou plan mondyal. Non sèlman l ap ranfòse enstiti edikasyon avanse nou yo kòm motè ekonomik men tou li gen posiblite pou kenbe ak atire pi jèn jenerasyon pou pati nò New York epi pètèt pi pre lakay nou nan WNY.”

Barbara Ann Heegan, Prezidan, Chanm Komès Konte Otsego, di konsa, “Nou toujou apresye efò Gouvènè a pou kreye yon eta ki pi fasil nan taks. Koneksyon konpayi k ap lanse jodi a avèk enstitisyon rechèch prensipal SUNY se yon bon jan fason pou asire konpayi sa yo grandi ak pwospere nan New York. Se egzakteman sa pwogram Tax-Free NY Gouvènè Cuomo ap fè. Lè li kreye kominote san taks nan lekòl sistèm SUNY yo, Gouvènè a ap atire nouvo djòb, l ap devlope yon patenarya ant enstitisyon edikasyonèl yo ak biznis prive yo ak aktivite ekonomik k ap pèmèt nou kontinye devlope ekonomi demen an. “

Sandy Parker, Prezidan ak Direktè Jeneral, Rochester Business Alliance, di konsa, “Rochester Business Alliance bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo nan egzekite pwogram enpòtan sa a k ap rive lwen nan kreyasyon djòb ki asosye avèk nouvo ekonomi edikasyon avanse ak biznis l ap sipòte yo. Nan rejyon Finger Lakes, kominote ki nan zòn College at Brockport, SUNY Geneseo, ak Monroe, Finger Lakes, ak Genesee Community Colleges ak tout kanpis SUNY ki nan eta a pral jwenn avantaj nan kreyasyon djòb ak avantaj ekonomik plan sa a. Menmsi New York toujou pa dwe pèdi vizyon bezwen pou bay patwon ki la yo nan eta a sekou nan règleman fado yo, pwogram “Tax-Free” se yon bon jan kòmansman pou retounen djòb ki pèdi yo nan klima ki pi fasil nan taks ak kontwòl.”

Jean McPheeters, Prezidan, Chanm Komès Konte Tompkins, di konsa “Mwen kontan ak enpresyone avèk anons sa a, epi sètènman, mwen vle konnen plis detay. Ithaca se yon ti vil kolèj, epi, si mwen konprann sa kòrèkteman, pwogram Tax-Free NY ap afekte kèk pati nan kanpis Cornell ak Tompkins Cortland Community College ak kèk zòn toupre yo. Anons lan note tou pral gen 2 milyon pye kare espas komèsyal disponib nan kèk inivèsite prive New York ak ‘ven resous estratejik eta a...’ Pwogram sa a kapab yon gwo sipò pou ekonomi lokal la ak pou ekonomi eta a si nou kapab atire biznis apwopriye nan kominote nou an. Konte Tompkins gen resous atraktif ki deja gen bon lekòl, bote natirèl ak yon ekonomi biznis dinamik ladan. Yon politik san taks pou nouvo antrepriz yo nan tèt ansanm avèk enstitisyon edikasyonèl yo kapab fè rejyon sa a vin pi bon. Mwen espere aprann plis bagay sou pwogram sa a, epitou mwen espere wè kijan Chanm nan kapab bay asistans.”

Marsha Gordon, Prezidan ak Direktè Jeneral, Business Council of Westchester, di konsa “Kolèj ak inivèsite Westchester yo se yon kokennchenn resous pou ekonomi nou an, epi Tax-Free NY ap pote nouvo djòb ak investisman nan kominote nou yo. Business Council bat bravo pou pwojè tounèf Gouvènè Como k ap sipòte kwasans ekonomik nan Westchester ak tout rejyon Hudson Valley.”

Community Development Corporation of Long Island, di konsa, “Gouvènè Cuomo gen anpil ratrapaj pou fè avèk Tax-Free NY! Estrateji ap devlope djòb teknik siperyè ak ekonomi inovasyon nan Long Island.”

Haitian Creole

Colleen DiPirro, Prezidan, Chanm Komès Amherst, di konsa, “Chanm Komès Amherst sipòte pwojè Tax-Free NY Gouvènè Cuomo k ap ankouraje investisman sosyete ak lespri antrepriz nan rejyon nou an. Itilizasyon Inivèsite a kòm sant pou devlopman ekonomik ak sipò kwasans ak pwosperite ekonomik ap apwofondi fondasyon an pou dirabilite fiskal rejyon yo. Tout sitwayen rejyon Buffalo Niagara pral jwenn avantaj lè resous ki sipòte sèvis ki ban nou yon kalite lavi siperyè ogmante kòm yon rezilta vizyon dinamik Gouvènè a.”

Lawrence A. Kushnick, Prezidan, Chanm Komès Huntington Township, di konsa, “Nan sa ki dekri kòm yon “pwojè pou chanje jwèt la,” Gouvènè Cuomo kreye yon renesans devlopman ekonomik k ap pèmèt demaraj yo, kapital antrepriz ak nouvo biznis pou opere nan yon kanpis SUNY ak nan inivèsite a san okenn taks. Mwen estime nenpòt biznis k ap kòmanse pral ekonomize plis pase 30% nan depans fonksyonman ki konpoze sitou avèk depans pou taks. Pou anpil moun, sa a se yon rèv ki vin yon realite paske l ap transfòme posiblite a pou biznis yo grandi ak fè konpetisyon nan anviwònman biznis nasyonal ak entènasyonal ki toujou ap chanje.”

Terri Alessi-Miceli, Prezidan, Hauppauge Industrial Association (HIA-LI), di konsa, “HIA-LI bat bravo pou desizyon Gouvènè Cuomo pou kreye Tax-Free NY k ap ede konpayi LI yo asosye avèk sistèm SUNY klas mondyal. Kwasans djòb nesesè anpil epi li ofri nouvo biznis yo opòtinite pou opere san okenn taks k ap kreye yon lizyè konpetitif.

Michael Watt, Direktè Egzekitif, Llincs, di konsa, “Llincs, asosyasyon ki fèk parèt k ap reprezante yon echantyon seksyon jèn pwofesyonèl nan Long Island, sipòte efò Gouvènè Cuomo pou ankouraje lespri antrepriz nan Eta New York. Yo te envante MRI, eskanè bakode alamen ak menm eski nan dlo nan Long Island – epi sipò ak aksyon dinamik Gouvènè a isit la prale lwen pou asire pwochen vag pwodui ak sèvis nesesè yo ap sòti nan lespri Nouyòkè yo.”

LISTnet (Long Island Software & Technology Network), di konsa, “LISTnet bat bravo pou anons Gouvènè Cuomo sou pwojè devlopman li pou transfòme kominote Inivèsite a an atraksyon pou nouvo biznis ak investisman yo. Kominote san taks sa yo pral atire menm plis demaraj, kapital antrepriz ak nouvo biznis nan kote tankou Stony Brook University, epi y ap amelyore devlopman kwasans ki la deja pou nouvo konpayi yo nan kote tankou CEWIT ak Advanced Energy Center. Sa ap pèmèt teknoloji k ap sòti nan Inivèsite yo fòme nouvo demaraj ak jwenn sipò ak konsèy yo bezwen pou grandi ak anboche plis anplwaye k ap touche gwo salè. Se egzakteman sa Eta New York bezwen pou fè konpetisyon, epi Gouvènè a ap ede kreye plis biznis pou Rejyon nou ak Eta New York. Sa ap ede sipòte lòt bagay ki te kòmanse tankou pwogram LISTnet’s Comets, LaunchPad LI nan Mineola ak Accelerate LI. Eta New York pa chita ankò epi l ap tann bagay yo rive, anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, n ap travay pou atire, devlope ak motive demaraj ak biznis pou konsidere Eta New York kòm kote pou mete ak bati konpayi yo.”

Roy A. Hastick, Sr. Prezidan ak Fondatè, Caribbean American Chamber of Commerce and Industry, Inc. (CACCI), di konsa, “Caribbean American Chamber of Commerce and Industry ak konsèy direktè li yo sipòte plan Tax-Free NY Gouvènè Andrew Cuomo paske li pèmèt kanpis SUNY yo ak kominote inivèsite ki

nan Eta a atire demaraj yo pandan l ap ede biznis ki la deja yo devlope. Plan sa a gen posiblite pou mete chomaj la nan menm yon nivo ki pi ba epi l ap ede kontinye sipòte lespri antrepriz ki nan nou tout la. Se lespwa nou pou nouvo pwogram sa a ranfòse kominote minorite yo ak kreye relasyon ant inivèsite yo ak Nouyòkè yo yon fason pou plis Nouyòkè kapab travay ak pwospere isit la nan Eta New York. Nou salye Gouvènè a pou nouvo pwogram sa a epi nou bay sipò nou.”

Jamie L. Moore, Prezidan ak Prezidan, ADDAPT, di konsa, “Pwogram sa a louvri pòt pou atire nouvo konpayi devlopman teknoloji avanse k ap kontinye tradisyon inovasyon fyè nou epi k ap mennen rejyon sa a nan lavni... pwojè sa a endike lansman kwasans nan Eta New York pou bay sipò ki nesèsè pou non sèlman atire ak devlope, men tou sa ki pi enpòtan, pou konsève ak ankouraje endistri ki la deja ki sèvi kòm poto-mitan ekonomi Eta New York pandan plizyè deseni. ADDAPT kanpe pare pou sipòte Tax-Free NY ak tout pwogram ki ankouraje endistri a, inovasyon ak teknoloji nan rejyon sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418